

JWENN ENFÒMASYON YO.

VAKSEN YO GRATIS POU TOUT MOUN.



- Yo pa ka refize pèsonn yon vaksen si li pa kapab peye.
- Vaksen yo gratis pou tout moun, kèlkeswa kondisyon yo ak imigrasyon oswa si wi ou non yo genyen yon Idantifikasyon oswa asirans medikal.


Vaksen COVID-19 la pwoteje ou pou ou pa pran COVID-19.

- Si ou toujou pran COVID apre ou fin pran vaksen an, vaksen an pwoteje w pou w pa malad grav.
- Menm si ou te gen COVID-19 deja, ou ta dwe toujou pran vaksen an.
- Rete ajou ak vaksen COVID-19, mete ladann piki boustè si w kalifye.



Vaksen COVID-19 yo san danje epi yo efikas. Vaksen an PA KAPAB ba ou COVID-19.

- Li pi an sekirite pou pran vaksen an pase pou w pran COVID-19.
- Plizyè milyon moun te pran vaksen an san danje.
- Pa gen ankenn vaksen yo janm teste pou sekirite l nan nivo sa a nan listwa Etazini.
- Vaksen an te pwouve san danje pou plizyè milye moun, ki gen ladan sa yo ki nan ras diferan, etnisite ak laj.
- Vaksen COVID-19 la pa chanje ADN ou.



EFÈ SEGONDÈ YO NÒMAL.

Efè segondè yo PA vle di ou gen COVID-19.

- Efè segondè yo vle di vaksen an ap montre kò ou ki jan pou li konbat COVID-19.
- Efè segondè ka gen ladan:
 - Doulè oswa enflamasyon sou bra w kote ou pran vaksen an.
 - Maltèt, frison, oswa lafyèv.
- Si ou santi ou pa byen, ou ka bezwen pran kèk jou konje nan travay jiskaske ou santi ou pi byen.
- Ou pral bezwen rete pandan 15-30 minit apre vaksen w lan pou asire w ke ou pa fè alèji.



Vaksen COVID-19 pa afekte peryòd yon timoun ap fòme oswa fètilite alavni.

Vaksen san danje pou moun ki vle yon avni pou timoun ak pou moun ki ansent oswa k ap bay tete.

Vaksen PA genyen

- Konsèvatif
- Ze
- Pwodui kochon
- Jelatin
- Latèks
- Nenpòt viris COVID-19 ap viv

Rete ajou ak vaksen w yo.

- Vaksen COVID-19 pwoteje kont maladi grav, ospitalizasyon, ak lanmò.
- Rete ajou ak vaksen COVID-19 yo enpòtan pou pi wo nivo pwoteksyon posib.
- Lè w ajou sa vle di pran de dòz yon vaksen ki genyen de piki, epi answit pran nenpòt piki boustè w kalifye pou li.
- Si w pa ajou, ou genyen plis chans pou w enfekte ak COVID-19, vin maladi grav oswa mouri, ak pwopaje l bay lòt moun.

VIN PI AN SANTE APRE W FIN VAKSINEN.

Kounye a, ekspè yo pa konnen pandan konbyen tan vaksen an ap pwoteje w. Menm apre ou fin pran vaksen an, kontinye:



Mete yon mask.



Pratike distans sosyal.



Lave men ou souvan.



Dezenfekte zòn yo manyen souvan yo.



NRC-RIM
National Resource Center for
Refugees, Immigrants, and Migrants

Pou plis enfòmasyon: [cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)